ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**O’zbekistan Respublikasi joqari ha’m orta arnawli bilimlendiriw ministirligi**

**Tashkent ma’mleketlik agrar universiteti No’kis filiyali**

**“FERMER XOJALIG’INDA EKONOMIKANI SHO’LKEMLESTIRIW TIYKARLARI” pa’ninen**

# *KURS JUMISI*



**Tema:** ***Tema:Awil xojalig’inda shirket xojalig’in fermer xojalig’ina aylandiriw ta’rtibi***

**Tayarlag’an:** **Magzamov Azamat**

**Qabillag’an:** **Tajenova Gulbahar**

**No’kis-2015**

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

# Reje:

I. Kirisiw

II.Tiykarg'i bo'lim

1.Awil xojalig'inda shirket xojalig'inin' atqaratug'in printsipler

2.Shirket xojalig'inin' nizami

3.Shirket xojalig'inin' saplastiriliwi

4.Shirket xojalig'inin' fermer xojalig'ina aylandiriliwi

III.Jiwmaqlaw

Paydalanilg'an a'debiyatlar

# Kirisiw.

Awil xojalig'inda ekonomikaliq reformalardi ja'nede teren'lestiriw barisinda bazaar ekonomikasi talaplarina juwap beretug'in huqiqiy tiykar jaratildi, ja'maat, ijara ha'm jeke mu'lik printsiplerine tiykarlang'an shirket, fermer ha'm diyxan xojaliqlari payda boldi.

Ka'rxanada o'ndiristi na'tiyjeli sho'lkemlestiriw bul uzaq mu'ddetke mo'ljellengen maqsetti aniqlaw, o'ndiristin' keleshektegi da'stu'rin islep shig'iw, sho'lkemlestiriw ha'm basqariw sistemasin tuwri belgilew, xojaliqti aqilg'a muwapiq ju'rgize aliw, za'ru'rli resurslardi payda etiw, xojaliqtin' ishki ekonomikaliq qatnasiqlarin tuwri belgilew, esabat qadag'alaw ha'mde rejelestiriwdin' na'tiyjeli sistemasin qollaniw, sipatli o'nim islep shig'ariwdi xoshemetlew, islewshilerge qolay sotsiyalliq sha'rt sharayatlardi jaratiw degendi an'latadi.

Agrar siyasattin' maqseti ma'mleketimiz xalqin ha'm sanaatti awil xojalig'i o'nimlerine bolg'an talabin toliq a'melge asiriwdan ibarat. Ma'mleket aziq awqat qa'wipsizligin ta'miyinlew, bar bolg'an agrar resurslardan na'tiyjeli paydalaniw arqali ma'mleketimiz ekonomikasin ja'nede jaqsilawdan ibarat.

O'zbekistanda ekonomikaliq reformalar teren'lesip atirg'an da'wirde xojaliq sho'lkemlestiriwshisi awil xojalig'inin' qaysi tarmag'inda qanday waziypada isemesin o'ndiris rawajlaniwi nizamliqlarin, ka'rxananin' o'ndirislik ha'm sho'lkemlestiriw sistemasi tiykarlarinin' usillarin xojaliqti ju'rgiziw sistemasinin' formasi, bar resurslardan na'tiyjeli paydalaniwg'a qaratilg'an printsiplerdi, o'simlik ha'm sharwa mallarin o'ndiriliwi texnikasi ha'm texnologiyasin, miynetti sho'lkemlestiriw menen materiyalliq xoshemetlew formalarin jaqsi biliw za'ru'r. Ha'zirgi da'wirde O'zbekistan Respublikasi awil xojalig'i qa'niygesine qoyilatug'in tiykarg'i talaplar to'mendegilerden ibaratr:

Awil xojalig'i o'ndirisi teoriyasi ha'm praktikasin teren' biliw

-iske ja'nede jedel jantasiw jollarin izlew

-isbilermenlikti xoshemetlew

-ja'maat islerin aqilg'a muwapiq sho'lkemlestir bilw

## 1.Awil xojalig'inda shirket xojalig'inin' atqaratug'in printsipler

**Diyxan xojalig'i** semiyaliq mayday tovar xojalig'i bolip, semiya ag'zalarinin' jeke miyneti tiykarinda miyras etip qakdirilg'an o'mirlik iyelik etiw ushin semiya baslig'ina berilgen egislik jer ushastkasinda awil xojalig'i o'nimlerin jetistiredi ha'm realizatsiyalaydi.

Diyxan xojalig'indag'i xizmet isbilermenlik xizmeti toparina kiredi ha'ma'mde diyxan xojalig'i ag'zalarinin' qa'lewi menen yuridik shaxs sho'lkemlestirgen halda ha'm yuridik shaxs sho'lkemlespegen halda a'melge asiriliwi mu'mkin. Diyxan xojalig'i o'z xizmetinde jallanba miynetten u'zliksiz tiykarda paydalaniwi mu'mkin emes. Diyxan xojaliqlarin sho'lkemlestiriw olardin' xizmeti juwmaqlaniwi menen baylanisli qatnasiqlar diyxan xojalig'i haqqindag'i nizam hu'jjetleri ha'mde basqa nizam hu'jjetleri menen ta'rtipke salinadi.

Diyxan xojalig'i ag'zalari quramina birgelikte jasap atirg'an ha'm diyxan xojalig'in birgelikte ju'rgizip atirg'an shan'raq baslig'i onin' a'yeli yaki onin' kuyewi balalri, sonnan perzentlikke aling'an balalri, ta'rbiyag'a alg'an balalri, ata-analari, miynetke qa'biletli jasqa jetken basqa ag'ayin tuwg'anlari kiredi.

Yuridik ha'm fizikaliq shaxslar menen o'z-ara qatnasiqlarda diyxan xojalig'i atinan usi xojaliq baslig'i is ju'rgizedi.

Diyxan xojalig'i baslig'i nizam hu'jjetlerinde belgilengen ta'rtipte jer ushastkasina miyras etip qaldirilatug'in o'mirlik iyelik etiw huqiqi berilgen sha'araq baslig'i yaki shah'araqtin' aylanisqa ilayqli ag'zalarinin' biri.

Diyxan xojalig'inin' baslig'i waqtiunsha miynet jaramsiz bolip qalg'anda yaki uzaq waqit bolmag'anda ol o'z minnetlerin orinlaw kepilliklerin orinlaw kepilligin usi xojaliq ag'zalarinin' birine, diyxan xojalig'inin' ag'zasi bir adamnan ibarat bolg'anda bolsa, sha'rtnama tiykatinda talaplarina juwap beretug'in har qanday shaxsqa beriwge haqili.

Diyxan xojalig'i ixtiyariyliq tiykarinda xojaliq baslig'inin' rayon ha'kimligine jazba mu'raja'tine tiykarlanip sho'lkemlestiriledi. Arzada soralip atirg'an jer ushastkasinin' jaylasqan

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

adresi,maydani, diyxan xojalig'inin' qurami ha'mde awil xojalig'i o'ndirisin sho'lkemlesti ushin jer ushastkasinan belgilengen maqsette paydalaniwdin' jo'nelisleri ko'rsetiledi.

Jer ushastkalarin beriw ma'selelrin ko'riw boyinsha rayon komissiyasinin' juwmag'in inabatqa alg'an halda rayon ha'kimligi diyxan xojalig'in sho'lkemlestiriw haqqinda qarar qabil etedi.

Rayon ha'kiminin' diyxan xojalig'in sho'lkemlestiriw haqqindag'i qarari rayonnin' finansliq, bank, saliq ha'm basqa sistemalari ushin ma'jbu'riyy hu'jjet esaplanadi.

Diyxan xojalig'i belgilengen ta'rtipte ma'mleket dizimine aling'an payittan baslap sho'lkemlestirilgen dep esaplanadi.

Diyxan xojalig'inin' baslig'in ma'mleketli dizimge aliw diyxan xojalig'i baslig'inin' u'zliksiz jasaw jayindag'i rayon ha'kimligi ta'repinen arza berilgen ku'nnen baslap u'sh ku'n ishinde a'melge asiriladi. Diyxan xojalig'i baslig'i jer ushastkasina o'mirlik iyelik etiw huqiqin beriwshi ma'mleketlik hu'jjet ha'mde ma'mleket diziminen o'tkergenlik haqindag'i belgilengen u'lgidegi guwaliq beriledi.

Shirket xojaliqlari ag'zalarinin' basqa awil xojalig'i ha'm tog'ay xojalig'i ka'rxanalari, birlespeleri ha'm sho'lkemleri xizmetkerlerinin' shan'raqlarina, sonday aq awilliq jerlerde jasawshi oqitiwshilar, shipakerler ha'm basqa qa'niygelerdin' shan'raqlarina diyxan xojalig'in ju'rgiziw ushin nizam hu'jjetlerinde belgilengen ta'rtipte miyras etip qaldirilatug'in o'mirlik iyelik etiwge tamarqa jer ushastkasi imarat ha'm hawli iyelegen maydandi qosqanda suwg'arilatug'in jerlerde 0,35 ga g'a shekem ha'm suwg'arilmaytug'in jerlerde 1 ga g'a shekem o'lshemde beriledi.

Puqaralarg'a diyxan xojalig'in ju'rgiziw ushin 0,06 ga do'gereginde tamarqa jer ushastkalari miyras etip qaldirilatug'in o'mirlik iyelik etiw huqiqi kim ashti sawdasi tiykarinda realizatsiyalaniwi mu'mkin.

Jan'a sho'lkemlestirilgen diyxan xojalig'i ushin tamarqa jer ushastkasin aliw huqiqinan arnawli Orinda keminde u'sh jil dawaminda u'zliksiz jasap kiyatirg'an shaxslar paydalanadi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Diyxan xojalig'ina ajiratilg'an jerdin' shegaralari orinnin' ozinde jer du'ziw xizmeti organi ta'repinen jergilikli buydjet qa'rejetleri esabinan ra'smiylestiriledi.

Tamarqa jer ushastkalarinan aqilg'a muwapiq paydalanip atirtg'an diyxan vojalig'ina awil xojaliq o'nimlerin jetistiriw ha'm realizatsiyalaw, jem o'ndiriwdi sho'lkemlestiriw, sonday aq jaylaw jaratiw ushin qiaqa mu'ddetli ijarag'a qosimsha rawishte jer ushastkalari beriliwi mu'mkin.

Puqaralarg'a diyxan xojalig'in ju'rgiziw ushin jer beriw yaki jerdi realizatsiyalaw ta'rtibi O'zbekistan Respublikasinin' "Jer kodeksi", "Diyxan xojalig'i", haqqindag'i ha'm basqada hu'jjetleri menen belgilenedi.

Diyxan xojalig'ina miyras etip qaldirilatug'in o'mirlik iyelik etiw huqiqi tiykarinda berilgen tamarqa jer ushastkalarinan paydalang'anlig'i ushin haqi jer salig'i ta'rizinde o'ndiriledi.

**Diyxan xojalig'i isbilermenlik xizmetinin' subekti sipatinda to'mendegi huqiqlarg'a iye:**

-o'zine berilgen tamarqa jer ushastkasinda diyxan xojalig'inin' o'ndiris xizmetin biyg'arez sho'lkemlestiriw

-jetistiriletug'in ha'm reyalizatsiyalanatug'in h'a'm realizatsiyalanatug'in o'nimge bah'a belgilew

-o'zi jetistirgen o'nimdi, sonnan bul o'nimdi tutiniwshilarg'a o'z qa'lewi menen realizatsiyalaw huqiqin beriw

-satip aling'an o'nimge aldinnan haqi to'lenetug'in fyushers pitimlerin du'ziw

-isbilermenlikten sheklenmegen mug'darda payda aliw

-awil xojalig'i o'nimlerin jetistiriwshilerge satiw ushin ha'm erkin sawdag'a mo'ljellengen aktsiyalardi satip aliw

-o'z mal-mu'lkin sonday aq tamarqa jer ushastkalarina miyras etip qaldirilatug'in o'mirlik iyelik etiw huqiqin sonnan kim ashti sawdasi tiykarinda satip aling'an huqiqiti girewge qoyiw

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**Diyxan xojalig'i to'mendegilerdi orinlawi lazim:**

-tamarqa jer ushastkasinan qatan' belgilengen maqsette paydalaniw

-ta'biyiy obektler bolg'an jerge ziyan jetkermew

-tamarqa jer ushastkasin asiraw, onin' o'nimdarlig'in saqlaw ham asiraw ju'zesinen sarip qa'rejetler jumsaw

-jan'a berilgen tamarqa jer ushastkalarinan bir jil ishinde paydalaniwg'a kirisiw

-agrotexnika talaplarina belgilengen rejim saqlaw waziypasi ha'm serbitutlarg'a boysiniw

-diyxan xojalig'inin' minnetleri ha'm qarizlari boyinsha toliq juwapker boliw

-xojaliq ag'zalari ushin  qa'wipsiz miynet sharayatin ta'miyinlew

**Diyxan xojalig'i baslig'i to'mendegi huqiqilarg'a iye**

-diyxan xojalig'i atinan isenimsiz bildiriwsiz  is ko'riw

-yuridik ha'm fizikaliq shaxslar menen shartnamalar du'ziw

-isenimlemelr beriw

-bankda esap betin ashiw

Diyxan xojalig'i baslig'i diyxan xojalig'inin' ha'mde onin' ag'zalarinin' ma'plerin qorg'aw, huqiqlarin a'melge asiriwdi ta'miyinlewi lazim.

**Diyxan xojalig'i ag'zalari**

-xojaliq ag'zalari ortasindag'i shartnama sha'rtylerine ko're birgelikte yaki jeke ta'rtipte paydalanatug'in daramattan o'z u'lesin aliw

-ma'mleket sotsiyal qamsizlandiriwinan o'tkeriw ha'm sotsiyalliq ta'miyinlew, sonday aq Tovar awil xojalig'i o'nimlerin jetistiriw ushin diyxan xojalig'ina sariplang'an jumis waqti O'zbekistan Respublikasi Sotsiyalliq ta'miynat ministrligi janindag'i Pensiya jamg'armasina to'lemler to'lep barilg'an jag'dayda miynet stajina kiritiliw huqiqina iye

**Diyxan xojalig'i**

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

-o’zine qarasli u’y jaylar, xojaliq imaratlari, awil xojaliq eginzarlari ha’mo’nimdar sharw mallari, quslar, awil xojaliq texnikasi, asbap u’skene, transport qurallari, pul qa’rejetleri, intellectual mu’lk obektlerine sonday aq basqa mal mu’liklerge:

-o’ndiris xizmeti na’tiyjesinde jetistirilgen o’nimge

-aling’an daramatqa

-nizamda sheklenmegen tiykarlarg’a iye bo’linmegen basqa mal mu’likke mulikdarlar

Diyxan xojalig’inin’ mal mu’lki puqaraliq nizam hu’jjetleri normativlerine muwapiq miyras etip qaldiriladi. Xojaliqta xizmetti dawam etip atirg’an miyrasxorlar etip qaldiriladi. Diyxan xojalig’i o’z xizmeti jo’nelislerin islep shig’ariw du’zilisi ha’m ko’lemlerin biyg’arez belgilew. Diyxan xojalig’i awil xojalig’i o’ndirisinin’ nizamlarda sheklemnegen har qanday tu’ri sonday aq awil xojalig’i o’nimlerin qayta islew ha’m realizatsiyalaw menen shug’illaniwg’a haqili. Diyxan xojalig’i o’zi jetistirgen ha’m realizatsiyalag’an o’nim sipatina tiyisli a’meldegi normalar ha’m standartlarg’a ekologiyag’a sanitariyag’a tiyisli ha’mde nizam hu’jjetlerinde belgilep qoyilg’an basqa talap ha’m nizamlarg’a boysiniw lazim.

Diyxan xojalig’inin’ xizmeti xijaliq ag’zalarinin’ jeke miynetine tiykarlanadi. Diyxan xojalig’indag’i belgili isti orinlawg’a basqa shaxslar miynet shartnamasi tiykarinda waqtinsha tartiliwi mu’mkin.

Diyxan xojalig’i o’zi jetistirgen o’nimge bazardag’i talap ha’m usinistan kelip shig’ip baha belgileydi. Diyxan xojaliqlari iqtiyarliq tiykarlarda sonnan pay tiykarinda o’nim jetistiriw, satip aliw, oni qayta islew ha’m satiw, materiyalliq texnika ta’miynati, qurilis, texnikaliq, suw xojalig’i, veterinariya, agroximiya ha’m basqada xizmet ko’rsetiw boyinsha shirketlerge, ja’miyetlerge, birlespelerge ha’m basqalarg’a birlesiw, kiriw huqiqina iye.

Diyxan xojalig’inan jer salig’i tamarqa jer ushastkasinin’ sipatina, jaylasqan ornina ha’m suw menen ta’miyinlengenlik da’rejesine qarap onin’ kadastr bahasin esapqa alg’an halda belgilenetug’in mug’darda o’ndiriledi.

Birinshi ma’rte tamarqa jer ushastkasin alg’an diyxan xojalig’i ma’mleketlik dizimge aling a p[ayittan eki jil mu’ddetke jer salig’i to’lewden azat etiledi.

Ma’mleketlik awil xojaliq o’nimlerin jetistiriw ham oni realizatsiyalaw menen shug’illaniwshi diyxan xojaliqlarinin’ huqiqlarina boysiniwin ha’m nizamli ma’plerin qorg’alawin kepillekke aladi. Ma’mleketlik organlar diyxan xojalig’in rawajlandiriw ha’m bekkemlewge ko’meklesedi.

Diyxan xojaliqlar xizmetin muwapiqlastirip bariw ha’mde olardin’ huqiqlari ha’m ma’plerin qorg’aw O’zbekistan Diyxan ha’m fermer xojaliqlari brlespesi ha’mde sawda sanaat palatasi ha’m olardin’ orinlardag’i territoriyaliq organlari ta’repinen a’melge asiriladi.

**2.Shirket xojalig’inin’ nizami**

Shirket xojalig’i tovar, awil xojalig’i o’nimlerin jetistiriw ushin pay usilina ha’m tiykarinan shan’araq pudiaratine, puqaralardin’ iqtiyariy eawishte birlesiwine tiykarlang’an yuridik shaxs huqiqlarina ha’m biyg’arez xojaliq ju’rgiziwshi subekt esaplanadi.

Shirket xojalig’inin’ xizmeti ha’m printsipler to’mendegilerden ibarat:

-shirker xojalig’ina ag’zaliqtin’ iqtiyariylig’i ha’m onnan an’sat shig’iw mu’mkinligi

-shirket xojalig’i xizmetinde ag’zalardin’ oz miyneti menen qatnasiw sha’rtliligi

-o’nim jetistiriw ha’m miynetti xojaliq ishinde tiykarinan shan’araq shartnamasi tiykarinda sho’lkemlestiriw

-shirket xojalig’i ag’zalarinin’ miynetine o’ndirgen o’nimi ko’lemine, sipatina qarap haqi to’lew

-juwmaqlawshi daramatti shirket xojalig’i ag’zalari ortasinda olardin’ mu’likli paylarina muwapiq bo’listiriw

Basqariwdin’ demokratik qa’siyeti, qararlar qabillawda huqiqilar ten’ligi

-shirket xojalig’i nizaminda na’zerde tutilg’an ta’rtipte shirket xojalig’i u’stinen ag’zalardin’ qadag’alaniwi.

-jer ushastkalarinan qatan’ belgilengen maqsette paydalaniw, jerlerdin’ qorg’alawin ha’m topiraq o’nimdarlig’inin asiriwdi ta’miyinlew.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

Shirket xojalig'i awil xojalig'i o'nimlerin jetistiriw menen bir qatarda shirket xojalig'inin' territoriyasinda ha'm sonday aq onnan tisqarida h'a awil xojaliq shiyki zat qayta islew, aziq awqat o'nimleri, xaliq tutiniwi tovarlari, o'ndiris texnika ahmiyetke iye bolg'an bolg'an o'nimler o'ndiris, sawda-satiq, on'law shaxslarg'a xizmet ko'rsetiw, sonday aq nizamlarda ko'rsetilmegen basqa xizmet tu'rleri menen shug'illaniwg'a h'aqili.

Shirket xojalig'i nizam hu'jjetleride belgilengen ta'rtipte rayon ha'kimlegende ma'mleket dizimge aling'an ku'nnen baslap sho'lkemlestirilgen dep esaplanadi.

Nizam dhirket xojalig'i xizmetin ta'rtipke saliwshi tiykarg'i hu'jjet esaplanadi. Nizamda to'mendegiler belgilenedi:

-shirket xojalig'i ati ha'm jaylasqan orni

-xizmet tarawi ha'm maqseti

-shirket xojalig'ina kiriw ha'm onnan shig'iw ta'rtibi

-shirket xojalig'i ag'zalarinin' huqiqi ha'm minnetleri

-basqariw organlari olardi formalastiriw ta'rtibi ha'm olardin' kepillikleri

-shirket xojalig'i pay, bo'linbes ha'm basqa jamg'armalardin' mug'dari ha'm olardi formalastiriw ta'rtibi

-shirket xojalig'i ag'zalarinin' miynetke qatnasiwshisina haqi to'lewdin' ko'birekshah'araq ijarasina tiykarlang'an formasi

-da'ramatlardi bo'listiriw ha'm onnan mu'likli paylar boyinsha dividendler to'lew ushin bo'listiriw ta'rtibi

-shirket xojalig'in qayta sho'lkemlestiriw ha'm saplastiriw

Shirket xojalig'inin' nizam ta'repinen qabillanadi, og'an o'zgerisler ha'm qosimshalar shirket xojalig'i ag'zalarinin' uliwma ma'jilisine kiritiledi. Nizamg'a kiritilgen o'zgerisler ha'm qosimshalar haqqindag'i axborot shirket xojalig'in ma'mleketlik dizimnen o'tkergen organg'a bir ha'ptelik mu'ddet ishinde usiniladi.

Jasi 16 tolg’an shirket xojalig’i nizamin ta’n aliwshi ha’m onin’ talaplarina boysiniwshi shirket xojalig’i xizmetinde ha’m onin’ jamg’armalarin formalastiriwda qatnasiwshi fizikaliq shaxslar shirket xojalig’i ag’zasi boliwlari mu’mkin.

Yuridik shaxslar ha’m shirket xojalig’inin’ ja’maat ag’zalari ortasindag’i o’z-ara qatnasiqlar sha’rtnamag’a tiykarlanadi. Shirket xojalig’i basqariwshisinin’ shirket xojalig’ina qabillaw haqqindag’i qarari shirket xojalig’inin’ uliwma ma’jilisinede tastiyiqlaniwi lazim. Bunday qarardi qabillaw ha’m oni tastiyiqlaw ta’rtibi shirket xojalig’i nizaminda belgilenedi. Shirket xojalig’ina ag’zaliq onnan waqtinsha shig’ip ketken shaxslar ushin to’mendegi jag’daylarda saqlanip qaladi:

-haqiyqiy mu’ddetli armiyani da’wirinde

-ma’mleket ha’m ja’maat organlarina saylap qoyilatug’in lawazimina saylang’anda

-o’ndiristen ajiralg’an organlarg’a saylap qoyilatug’in lawazimina saylang’anda

-o’ndiristen ajiralg’an halda oqiwg’a kirgende

Basqa shirlet xojaliqlarina, xojaliqlar araliq ha’m basqa ka’rxanalar, birlespeler ha’m sho’lkemlerge shirket xojalig’i basqariwi ta’repinen belgilengen mu’ddete iske jollang’anda

Shirket xojalig’inin’ ag’zalari qariyaliq yaki na’giranliq boyinsha isti toqtatsa onin’ uliwma ma’jilisi qarari menen belgilengen tiykar ha’m sha’rtlerde o’zlerinin’ shirket xojalig’ina ag’zaliqlarin saqlap qaladi.

Shirket xojalig’i ag’zalari to’mendegi huqiqilarg’a iye:

-shirket xojalig’i islerin basqraiwda  qatnasiw

-shirket xojalig’inin’ basqariw organlarina saylaw ha’m saylaniwi

-shirket xojalig’i xizmetlerinen paydalaniw

-o’z miyneti na’tiyjelerine muwapiq daramatlar aliw

-mu’likli payg’a muwapiq dividendler aliw

Shirket xojalig’i ag’zalari nizamg’a boysinwlari, shirket xojalig’inin’ uliwma ma’jilisi ha’m basqariwi qararlarinin’ orinlaniwlari lazim

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Shirket xojalig'ina ag'zaliq to'mendegi hallarda saplastiriladi:

-shirket xojalig'i ag'zalig'inan iqtiyarli ra'wishte shiqanda

-shirket xojalig'i xizmetinde miyneti menen qatnasiw toqtatilg'anda

- shirket xojalig'i ag'zalig'inan onin' nizamda belgilengen hallarda ha'm ta'rtipte shig'arilg'anda

-basqariwdin' shirket xojalig'ina qabillaw haqqindag'i qarari uliwma ma'jilisinde tastiyiqlanmag'anda

-shirket xojalig'i qayta sho'lkemlestirilip xojaliq ju'rgiziwdin' bsaqa formalarina aylandirilg'anda yaki shirket xojalig'i saplastirilg'anda.

**3.Shirket xojalig'inin' saplastiriliwi**

Shirket xojalig'inn basqariw o'zin o'zi basqariw a'shkaraliq shirket xojalig'i xizmeti ma'selerin sheshiwde onin' ag'zalari qatnasiwi tiykarinda a'melge asiriladi.

Shirket xojalig'inin joqari basqariw organi uliwma ma'jilisi bolip ol basliqti, basqariwshini, tekseriw komissiyasin saylaydi, shirket xojalig'in basqariw boyinsha o'z kepilliklerin olar g'a berip qoyadi.

Shirket xojalig'inin' ha'r bir ag'zasi sonnan ja'maat ag'zasi o'zinin' mu'lkiy u'lesin mug'darina qaramastan uliwma ma'jiliste dawis beriw bir dawisqa iye boladi.

Shirket xojalig'inda miynet sha'rtnamasi tiykarinda islep atirg'an shaxslar uliwma ma'jilisinde ma'slahat dawisi huqiqi menen qatnasadi. Uliwma ma'jilis ha'r jili finanas jili juwmaqlang'annan keyin o'tkeriledi. Ol shirket xojalig'i ag'zalarinin' qararina tiykarlanip yaki shirket xojalig'i ag'zalarinin' keminde u'shten bir bo'liminin' qatnasi menen na'wbetten tisqari shaqiriliwi mu'mkin.

Awil xojalig'ina mo'ljellengen jerler shirket xojaliqlarina belgilengen maqsette awil xojalig'i o'ndirisin ju'rgiziw ushin u'zliksiz iyelik etiwge beriledi. Jer ushastkalarinan aqilg'a muwapiq ha'm na'tiyjeli paydalanip atirg'an shirket xojaliqlari qosimsha rawishte ijarag'a yaki waqtinsha paydalaniw ushin jer ushastkalarin aliw mu'mkin.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Awil xojalig'ina  mo'ljellengen jerler shirket xojaliqlarina belgilengen maqsette aw xojalig'i o'ndirisin ju'rgiziw ushin u'zliksiz iyelik etiwge beriledi. Jer ushastkalarinan aqilg'a muwapiq ha'm na'tiyjeli paydalanip atirg'an shirket xojaliqlari qosimsha rawishte ijarag'a yaki waqtinsha paydalaniw ushin jer ushastkalari aliwlari mu'mkin.

Shirket xojalig'ina berip qoyilg'an jer ushas6tkalari menshiklestiriliwi ha'm aldi satti, girew,almaslaw obektleri boliwi mu'mkin emes. Bul jer ushastkalari belgilengen ta'rtipte miyras etip qaldirilg'an o'mirlik iyelik etiwge waqtinsha paydalaniwg'a yaki ijarag'a beriliwi mu'mkin.

Shirket xojalig'inin' jerge iyelik etiw huqiqi olar birlespeler, ja'miyetler, agrofirmalar ha'm basqa birlespeler quramina kirgeninde de saqlanip qaladi.

**Ja'maat ijarasi** sha'rtleri tiykarinda beriletug'in jer ushastkalarinan qatan' belgilengen maqsette paydalaniladi, bunda su'riletug'in jerler maydani o'lshemlerinin' kemeytiriliwne jol qoyilmaydi.

Jer ushastkalarinin' o'lshemleri ha'm onin' shegaralari ta'replerinin' kelisiwine tiykarlanip o'zgertiriwleri mu'mkin.

Ijara shartnamasi sha'rtleri tiykarinda aling'an jer ushastkasin ijarag'a yaki ja'rdemshi ijarag'a beriw sheklenedi.

Jer ushastkasi ma'mleket ha'm ja'maat iqtiyajlari ushin alip qoyilg'an jag'dayda ijarashi ziyan ha'm basqa qa'rejetler nizam hu'jjetlerine muwapiq qaplaniwin talap etiw huqiqina iye.

Shirket xojaliqlari ushin suwdan paydalaniw limitleri kepillikli wakillikli organlar ta'repinen belgilenedi. Shirket xojalig'inin' biyg'arez balansinda ko'rinetug'in tiykarg'i jamg'armalar aylanba qa'rejetler ha'mde basqa bayliqlar usi shirket xojalig'inin' mu'lki esaplanadi.

Shirket xojalig'inin' mal-mu'lki tiykarg'i jamg'armalar quni, jetistirilgen o'nim, oni satiwdan tu'sken payda, ag'zalardin' pul ha'm materiyalliq to'lemleri, bank kreditleri, qimbat bahali qag'azlar esabinan ha'mde shirket xojalig'inin' nizaminda na'zerde tutilg'an basqa xizmet na'tiyjesinde ha'm nizamlarda sheklenbegen basqa tarmaqlar esabinan payda boladi. Shirket xojalig'i mal-mu'lkin nu'rlendiriwde yuridik ha'm fizikaliq shaxslar sha'rtnama tiykarinda pul ha'm materiyalliq to'lemler kiritiw joli menen qatnasiwi mu'mkin.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Shirket xojalig’i ta’repinen sho’lkemlestirilgen ka’rxanalar ha’m sho’lkemlerdin’ mal-mu’lki sonday aq xojaliqlar araliq ka’rxanalar sho’lkemlerdin’ mal-mu’lki olardin’ u’lesli qatnasiwshisina muwapiq usi shirket xojalig’inin’ mu’lki esaplanadi.

Quramina shrket xojalig’i, mu’likshiliktin’ tu’rli formasindag’i basqa ka’rxanalar ha’m sho’lkemler kirgen birlespenin’ mal-mu’lki olardin’ uliwma mu’lki esaplanadi. Quramina tek shirket xojaliqlar kirgen birlespelerdin’ mal-mu’lki, eger birlespelerdin’ hu’jjetlerinde yaki nizam hu’jjetlerinde basqasha ta’rtip na’zerde tutilg’an bolmasa usi shirket xojaliqlarg’a uliwma mu’lik huqiqida qarasli boladi.

Shirket xojalig’i yuridik ha’m fizikaliq shaxslardan mal-mu’likti na’zerde tutilg’an ta’rtipte satip aliw ijarag’a yaki waqtinsha paydalaniwg’a aliw huqiqna iye.

Shrket xojalig’inda  uliwma ma’jilis qarari menen to’mendegilerden quralatug’in nizam jamg’armasi tu’rlendiriledi:

**-pay jamg’armasi;**

-topiraq o’nimdarlig’in asiriw is ilajlarin o’tkeriw, irrigatsiya qurilislarin saqlaw, jan’a irrigatsiya-melioratsiya tarmaqlarin proektlew ha’m quriw, texnika satip[ aliw, sotsiyalliq ha’m o’ndiris infrastrukturasin rawajlandiriw, basqa uliwma sotsiyalliq ha’m xojaliq waziypalarin sheshiw ushin mo’ljellengen bo’linbes jamg’armalar. Shirket xojalig’inin’ pay jamg’armasi tiykarg’i jamg’armalardin’ qunin hamde shirket xojalig’inin’ minnetlemelerinen basqa aktivler qunin o’z ishine aladi. Pay (u’les) ha’m bo’linbeytug’in jamg’armalardin’ mug’darlari shirket xojalig’inin’ nizaminda belgilep qoyiladi. Pay jamg’armasi shirket xojalig’i ag’zalarina uliwma u’lesti mu’lik tiykarinda bo’linbes jamg’arma bolsa uliwma birgeliktegi mu’lik tiykarinda qarasli boladi. Pay jamg’armasi shirket xojalig’i ag’zalari ortasinda mu’likli paylarg’a bo’listiriliwi lazim. Mu’likli pay shirket xojalig’i ha’r bir ag’zasinin’ shirket xojalig’i pay jamg’armasi qunundag’i u’lesin belgileydi ha’m shirket xojalig’i ag’zasina shirket xojalig’inin’ juwmaqlawshi daramatinan dividentler ko’rinisindegi tiyisli u’lesti aliw huqiqin beredi.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

Mu'likli pay mug'darin aniqlaw paylar boyinsha dividendler to'lew ta'rtibi shartleri niza hu'jjetleri menen belgilenedi. Shirket xojalig'i ha'r bir ag'zasi mu'likli payinin' aniq mug'dari shirket xojalig'inin' ag'zasina mal mu'lkinin' arnawli u'lesine ha'mde xojaliq alatug'in uliwma daramattin' tiyisli bo'legine bolg'an onin' huqiqin bekkemlep qoyiwshi ati jazilg'an guwaliq berilgen jag'dayda shrket xojalig'inin' joqari basqariw organi menen belgilenedi.

**Shrket xojalig'i:**

-daramattin' paylar boyinsha dividendler to'lew ushin mo'ljellengen bo'legi jil juwmaqlarina ko're bo'listiriledi ha'm mu'likli paydin' mug'darina ten' bolg'an ra'wishte to'lenedi.

-ag'zaliqnay shig'iw fermer xojalig'i yaki jan'a shrket xojalig'in sho'lkemlestiriw maqsetinde a'melge asirilatug'in jag'daylarda mu'likli paylar ajiratip beriledi.

-ag'zasinin' mu'likli payin miyras etip aliq tek onin' qunindag'i ko'rsetkishin belgilengen ta'rtipte a'melge asiriladi.

-o'z xizmeti jo'nelisleri o'ndiristin' du'zilisi ha'm ko'lemlerin biyg'arez belgileydi

-o'zi jetistiretug'in o'nim sipatina tiyisli a'meldegi normalar ha'm standartlarg'a ekologiya, sanitariyag'a tiyisli ha'm basqa talaplatg'a boysiniwi sha'rt

Shirket xojalig'i:

-saliqlar jiyimlar ha'm byudjetke basqa to'lemlerdi to'leydi

-materiyalliq-texnikaliq ta'miyinlew og'an agrotexnik ha'm basqa tu'rli xizmet ko'rsetiw, Tovar bazarinda monopolistlik xizmetti sheklew ha'm konkurentsiya haqqindag'i nizam hu'jjetlerinin' talaplarin esapqa alg'an halda sha'rtnama tiykarinda a'melge asiriladi

-o'zine za'ru'r mal-mu'lik ha'm o'ndiris qurallarin birjalarda, yarmarkalarda, bazarlarda yuridik ha'm fizikaliq shaxslardan, xaliqtan satip aliwg'a haqili

-o'ndiris ahmiyetine tiyisli obektler qurilisi tiykarg'i o'ndiris qurallarin satip aliw ushin uzaq mu'ddetli kreditlew ha'm kelesi o'ndiris xizmeti ushin qisqa mu'ddetli kreditlew kresit sha'rtnamalari tiykarinda asiriladi

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

-sho'lkemlestirilgen payitta og'an qarizlar ha'm kreditler beriwde to'lewge qa'biletli yuridik ha'm fizikaliq shaxslar sonday aq shirket xojalig'inin' oz'leri o'z mal-mu'lkin girewge qoyip bo'liwleri mu'mkin

-o'zine qarasli ha'm ijarag'a aling'an o'ndiris qurallarinin', awil xojaliq eginzarlarinin' kop jilliq tereklerdin', jetistirlgen yaki qayta islengen o'nimlerdin', shiyki zattin', materiyallardin' jog'atiliwi (nabit boliwi) az shig'iwi yaki keselleniw qa'wipi, isbilermenlik qa'wipin, sonday aq sha'rtnamalrdi buzg'anlig'i ushin o'zinin' juwapkerlik qa'wipin qamsizlandiradi ha'mde belgilengen ta'rtipte ha'm sha'rtlerde qamsizlandiriw to'lemlerin to'leydi.

-awil xojaliq punktleri sotsiyalliq infrastrukturasin rawajlandiriw, shrket xojalig'i ag'zalari ha'm onda miynet sha'rtnamasi tiykarinda islep atirg'an shaxslardin' sonday aq olardin' shan'araqlarinin' ma'deniy turmis sharayatlarin jaqsilaw, olardin' slamatlig'in bekkemlew basqa sotsiyalliq iqtiyajlardi a'melge asiriw boyinsha is ilaj;ardi amelge asiriladi

-iqtiyariyliq tiykarinda sonnan u'les tiykarinda birlesiw o'nimdi jetistiriw satip aliw, qayta islew ha'm oni satiw materiyalliq texnikaliq ta'miyinlew, qurilis xizmet ko'rsetiwdin' texnikaliq, suw xojalig'ina, veterinariya. Agroximiya, ma'slahat beriwge tiyisli ha'm basqa tu'rleri boyinsha nizam hu'jjetlerinde belgilengen ta'rtipte birlesiw, birlespeleri, ja'miyetler, agrofirmalar ha'm birlespelerge kiriw huqiqina iye

-belgilengen ta'rtipte esap kitap islerin ju'rgizedi ha'mde jergilikli statistika ha'm saliq organlarina esabat usinadi

-qayta sho'lkemlestirilgen nizam hu'jjetlerinde ha'm shirket xojalig'i nizaminda belgilengen ta'rtipte qosip jiberiw, birlestiriw, bo'liw, ajiratiw ha'm qayta du'ziw tu'rinde a'melge asiriladi

Shirket xojalig'inin' kreditorlar dawalari qanatlandirilg'annan keyin qalg'an mal-mu'lki quni onin' ag'zalari ortasinda bo'listirileди.

Shirket xojalig'inin' sho'lkemlestiriw, olardin' xizmeti, qayta sho'lkemlestiriliwi menen baylanisli kelispewshilikler nizam hu'jjetlerine muwapiq sheshiledi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

# Juwmaqlaw

Awil xojalig'i sitemalarinin' en' za'ru'r tiykarg'i resursi jer esaplanadi. Awil xojalig'i o'ndirisinde jer o'ndiristin' tiykarg'i qurali. Ol o'ndiris xizmetinin' tiykari ha'm insaniyat ja'miyetitin' en' za'rur sha'rti.

Awil xojalig'inda paydalantug'in basqa o'ndiris qurallarina salistirg'anda jer, tiykarinan awil xojalig'i o'ndirisinde paydalanilatug'in maydanlar to'mendegiler den ibarat o'zine sa'ykes qa'siyetlerge iye:

-mashinalar, qurilis ha'm tag'i basqalar insane ta'repinen jaratilg'an bolsa, jer insane miynetinin' onimi emes

-jer shegaralang'an, oni iqtiyarli ra'wishte ko'beytiw yaki kemeytiw mu'mkin emes. Leki awil xojalig'i o'ndirisi ushin jaramli jer zapaslarinan pu'tkilley paydalanip bo'linmegen. Ilimiy esap kitaplarg'a ko're ha'zirde du'niya ju'zinde ja'han diyxanshilig'inda o'ndiris ushin jaramli jerdin' shama menen 1/10 bo'limine insane ma'pleri ushin paydalanilmaqta

-jerdi o'ndiris qurallarinin' basqasi menen almastiriw mu'mkin emes. U'lken mug'dardag'i basqa o'ndiris qurallarinan ayirmashilig'i onnan paydalaniw orninin', ma'kaninin' turaqlilig'i menen baylanisli.

-eger jerden tuwri paydalanilsa ol ondiristin' basqa qurallari siyaqli eskirip qalmaydi, kerisinshe onin' o'nimdarlig'i asip bara beredi. O'nimdarliq jerdin' o'zine say en' za'ru'r qa'siyet esaplanadi.

Awil xojalig'i ahmiyetine iye bolg'an jerler dep awil xojaliqg'i iqtiyajlarina ajiratilg'an sonday aq usi maqsetlerde territoriyaliq rejelestiriwge muwapiq belgilengen jer maydanlarina aytiladi. Mu'likler eki toparg'a: awil xojalig'i mu'likleri ha'm q1alg'an barliq mu'liklerge bo'linedi.

Awil xojalig'i mu'liklerine su'riletug'in jerler, ko'p jilliq terekler, boz jerler, pishenzarlar ha'm jaylaw otlaqlar kiredi. Olar o'z ara o'simliklerdin' tabiyiy ha'm insane ta'repinen o'zlestirilgen tu'rleri, jer ha'm o'simliklerge insane xizmeti menen ta'sir ko'rsetiw, yag'niy qollanilatug'in agrotexnik is ilajlardin' jiyindisi boyinsha ayirmashiliqqa iye boladi.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

O’zbekistannin’ jer fondi 44,74 mln ga ni quraydi. Onin’ 62,7 % I awil xojalig’i o’ndirisinde paydalanilmaqta. Tog’ay xojalig’i ka’rxanalarina jer fondinin’ 12,4 %, sho’l taw etekleri jaylasqan ma’mleket zapasindag’i o’nimdarlig’i to’men jerlerge 10,4% , sanaat ha’m transport jerlerine 4,1 % ha’m xaliq iyelegen jerlerge tuwri keledi. Basqa maqsetlerde yarim million ga jerden paydalanilmaqta.

# Paydalanilg'an a'debiyatlar

## Tiykarg'i a'debiyatlar

1.Juraev A «Dehxon (fermer) xo'jaligiga savol javoblar» T 1997

2.Olimjanov O «fermerlik faoliyatining huquqiy moliyaviy asoslari» Universitet T2005

3.Sirojiddinov S«fermerlik faoliyati qonun himoyasida»T 2005

## Qosimsha a'debiyatlar

1.O'zbekiston Respublikasi vazirlar mahkamasining ''Qishloq xo'jaligi korxonalarin fermer xo'jaliklariga aylandirish shora tadbirlari to'g'risidagi qarori 2002-yil 5-yanvardagi 8-sonli qarori''

2. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining 2003-yil 27-oktyabrdagi 3342-sonli «fermer xo'jaliklarini 2004-2006 yillarda rivojlantirish kontseptsiyasi to'g'risida »gi farmoni

3. O'zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2004-yil 30-jktyabrdagi 476-sonli «2004-2006 yillarda fermer xo'jaliklarini ribojlantirish kontseptsiyasini amalgam oshirish shora tadbirlari to'g'risidagi »qarori

4.Uzbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2004-yil 24-dekabridagi 607-sonli ''2005-2007 yillarda fermer xu'jaliklarini jadal ribojlantirish shora tadbir;lari tu'g'risidagi qarori

Saytlar;

1.hitp;www.aup.ru

2.http.www.finansy.ru.menu.htn

3.http.www.efin.ru.

4.http.www.hrm.ru